



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 28/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAVANT TASTE NY LA (GOU NEW YORK) PLIS  
PASE DOUBLE POU ANE 2016 LA**

**Plis pase 10,5 Milyon Dola te fèt nan lavant jiskaprezan pou ane 2016 la nan  
magazen, konsesyon ak aktivite Taste NY yo**

***Lavant Te Depase Objektif Anbisye Gouvènè a te fè Nan State of the State  
(Diskou l te fè devan Asanble Lejislatè Eta yo)***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse inisyativ Taste NY la depase objektif li te genyen pou l double lavant brit pou biznis ki te patisipe pandan ane 2016 yo. Nan mwens pase yon lane, lavant brit total pwodwi New York nan magazin, konsesyon aktivite Taste NY yo te ogmante soti nan apeperè 4,5 milyon dola an 2015 rive plis pase 10,5 milyon dola jiska jodi a an 2016. Ogmantasyon nan lavant lan reflekte demand kliyan yo gen pou pwodwi lokal yo ap agrandi, sa ki sipòte endistri agrikilti ak ti biznis New York yo.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Taste NY mete an vedèt pwodwi alimantè ak bwason ki gen kalib mondyal New York yo, epi etap enpòtan sa a montre gen yon demand kwasant kontini pou pwodwi ki fabrike ak kiltive lokal yo. Lè nou pwomouvwa bon jan pwodwi New York sa yo, nou ap ede sipòte fèm ak biznis lokal yo, kreye djòb epi ogmante kwasans ekonomik atravè tout New York. Pandan n ap atann sezon fèt fen dane yo ki poko rive sou nou, inisyativ Taste NY la prè pou l gen yon ane 2016 ki pi reyisi ankò.”

Nan diskou State of the State ane sa a, Gouvènè Cuomo te fikse yon objektif pou double chif lavant 2015 Taste NY yo, soti 4,5 milyon pou rive 9 milyon dola, pou yo ka kontinye ranfòse endistri pwodwi alimantè ak bwason k ap agrandi nan New York la epi founi yon platfòm pou biznis agrikòl Eta yo ka fè piblisite pou pwodwi yo. Plan sa a gen ladan l adisyon kat nouvo magazin ak Ti Restoran Taste NY ak de nouvo bar/resto, etabli plizyè nouvo patenarya, ogmante opòtinite piblisite pou machann nan aktivite espesyal yo epi ranfòse koneksyon ak kliyan ki toupatou nan mond lan yo.

**Mache, Ti Restoran, ak Magazin Taste NY yo**

Gen yon mache Taste NY Market (Mache Taste NY) ki fenk ouvri anndan [Sant](#) Dakèy Long Island (Long Island Welcome Center) ki fenk fèt nan Dix Hills la, k ap founi opòtinite pou pwodiktè lokal yo fè piblisite pou pwodwi yo, konekte rezidan ak vizitè New York yo ak pwodiktè pwodwi alimantè ak bwason eta yo epi ankouraje touris

agrikòl. Taste NY Market la ekspoze anpil chwa pwodwi dejene ak dine ki fenk prepare, ki itilize engredyan ki soti nan men kiltivatè Long Island yo epi yo ofri opsyon pou kolasyon anpòte ak pwodwi espesyalite pou vann.

Market la te ouvri apre plizyè seri lansman lokalite Ti Restoran/Bar ak magazen Taste NY (Taste NY Café/Bistro and Store) inik atravè Eta, yo te kreye l pou l mete aksan sou agrikilti ak pwomouvwa touris. An septanm, yon nouvo [bar/resto](#) Taste NY (Taste NY Bistro) te ouvri nan sant Javits Center a nan Vil New York. Anplis de sa, [arè repo Istwa Vivan Lock E-13 \(Lock E-13 Living History rest area\)](#) nan Mohawk valley a te ouvri pou vwayajè yo ete ki sot pase a epi li gen ladan l yon nouvo magazen Taste NY.

An me, Gouvènè a te koupe riban nan nouvo pwojè renovasyon Pak Eta (State Parks) yo nan Jones Beach, ki gen ladan l yon [Ti Restoran](#) Taste NY (Taste NY Café). Ti Restoran nan West Bathhouse la se youn nan lokalite Taste NY yo pi frekante nan Eta a, ak plis pase 6 milyon moun ki vizite Jones Beach chak sezon, epi li gen pwodwi ki soti nan 30 diferan pwodikte pwodwi alimantè ak bwason ki sitiye nan prèske tout rejyon New York, ki gen ladan l tou, Long Island.

### **Patenarya Taste NY yo**

An 2016, Gouvènè a te anonse Taste NY ap fè [patenarya](#) ak Amtrak pou l kapab pote pwodwi ki fabrike New York yo bay vwayajè yo ki alafwa ap viv nan eta a ak sa ki ap viv an deyò eta yo, ak pou vizite nou yo ki soti toupatou atravè mond lan. Atravè nouvo pwogram pilòt sa a, pwodwi alimantè ak bwason New York yo ap disponib nan wagon pou kolasyon nan 13 tren New York. Amtrak estime ke gen anviwon 1 milyon pasaje k ap vwayaje sou wout sa yo chak ane. Taste NY fè patenarya ak [Pak Eta Niagara Falls la \(Niagara Falls State Park\)](#) pou ekspoze pwodwi ki fabrike lokal yo atravè pak la epi nan Restoran Top of the Falls li a.

### **Aktivite/Konsesyon yo**

Chak ane, Taste NY patisipe nan ant 40 a 80 aktivite, kote moun ki vini yo ka goute pwodwi lokal yo, aprann sou mak lokal yo, epi achte pwodwi alimantè ak bwason lokal. Aktivite sa yo soti nan makèt popilè Taste NY Marketplace nan Great New York State Fair la (Gwo Fwa Eta New York la) rive nan prezantasyon Taste NY pou lapremyè fwa nan [Chanpyona Gòlf Barclays la nan Pak Eta Bethpage la \(Barclays Golf Tournament at Bethpage State Park\)](#), ki te pwomouvwa anpil douzèn fèm New York ak agrikiltè pandan chanpyona kat jou PGA a.

Ti Restoran pop-up Taste NY Café ki nan Chanpyona Barclays (Barclays Tournament) la ajoute sou patenarya konsesyon reyisi yo te fòme an 2016 ant gwo estad ak estad espò yo tankou Barclays Center a nan Brooklyn ak Nikon nan Jones Beach Theater. [Bar](#) Taste NY nan Barclays Center a, se estad ekip baskètbòl Brooklyn Nets la ak New York Islanders yo, li ofri anpil chwa pou diven New York, byè, alkòl ak sid ki soti toupatou atravè Eta a rive nan estad la ki resevwa apeprè de milyon vizitè chak ane. Taste NY te fè patenarya ak Pak Eta (State Parks) ak meyè konpayi espektak andirèk, Live Nation lan, pou pwomouvwa endistri bwason atizanal New York la k ap agrandi atravè lansman Taste NY Bar la nan [Nikon at Jones Beach Theater](#).

Ane sa a, patenarya Eta a avèk ekip Bezbòl Dezyèm Divizyon an (Minor League Baseball teams) te agrandi pou l gen ladan ekip Tri-City Valley Cats, Batavia Muckdogs, Auburn Doubledays, Staten Island Yankees, ak Rochester Red Wings. Ansanm, estad sa yo resevwa apeprè 820 000 vizitè chak sezon.

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te di:** “New York gen kèk nan pwodwi alimantè ak bwason ki pi inik ak divès nan mond lan, yo fèt ak engredyan agrikiltè New York yo kiltive ak pwodwi. Epi mwen kontan anpil pou m wè konsomatè ki soti toupatou nan mond lan ap prete atansyon epi reponn a mak Taste NY la pou yo sipòte pwodwi ki fabrike la nan New York. Pwogram lan deja pran pye ane sa a epi mwen pa wè limit pou siksè potansyèl nou lè nou fè piblisite pou bon jan biznis ki ap fè endistri agrikilti a pi solid epi ede devlope ekonomi New York la.”

**Dean Norton, ki se Prezidan Biwo Fèm New York la (New York Farm Bureau) te di:** “Pwodwi agrikiltè New York yo kiltive epi fabrike yo san parèy, epi siksè pwogram Taste NY la mete aksan sou jan konsomatè yo entèrese de plizanpli nan sa agrikiltè nou yo genyen pou yo ofri. Kòm efò piblisite ap ogmante, nou konfyan agrikiltè nou yo atravè tout eta pral satisfè demand kwasant sa a. Sa pral non sèlman bay konsomatè yo sa yo ap chache, men tou sipòte ekonomi fèm riral yo.”

**Ryan Fleischhauer, ki se Mèt Horseshoe Brand lan, te di:** “Eksperyans nou avèk Taste NY te fè m anpil plezi epi li te pwodiktif pou m pa di plis. Non sèlman yo te envite nou pou n ale nan plizyè aktivite Taste NY pou ekspeze pwodwi nou yo, men tou nou fòme relasyon solid avèk magazen Taste NY yo. Nou ap rekòmande pou nenpòt lòt biznis New York ki patisipe nan Taste NY pou fè piblisite pou pwòp liy pwodwi pa yo ka vin pi rekoni.”

**Barry Moore, Mèt JNB Foods nan Albany, te di:** “Platfòm Taste NY la te benefisye anpil pou kreye yon bon repitasyon pou konpayi yo isit la nan New York tankou aletranje. Taste NY gen masyon espesyal pou pwodwi bon kalite, ki bon pou lasante ke yo fabrike avèk fyète. Nou fyè pou n pwomouvwa jan nou gen pwodwi bon gou, nourisan, san gliten” epi nou se yon konpayi Taste NY ki se yon biznis fanmi veteran posede tou.”

**Mike Spuck, Prezidan Sweet Carol Swine BBQ LLC nan Henrietta, te di:** “Mwen ta renmen remèsye Taste NY anpil paske yo pèmèt Sweet Carol Swine BBQ LLC patisipe nan fwa NYS la ane sa a. Pwogram Taste NY la tèlman gen anpil valè nan devlopman ak nan kreyasyon yon bon repitasyon pou konpayi ak pwodwi mwen an yo epi mwen pa ka di mèsè ase.”

**Anthony Benti, Mèt Bent’s Fresh Bread, te di:** “Mwen fyè anpil pou m patisipe nan angajman Taste NY la pran pou l founi moun New York yo pwodwi lokal bon kalite. Mwen kontan anpil pou opòtinite alavni ki pral vini yo.”

## **Enfòmasyon sou Taste NY**

Taste NY se yon inisyativ Gouvènè Cuomo te lanse an 2013 pou pwomouvwa endistri pwodwi alimantè ak bwason New York la. Depatman Agrikilti ak Mache a (Department of Agriculture and Markets) te sipèvize pwogram lan epi li te kreye opòtinite pou pwodiktè lokal yo pou ekspoze pwodwi yo nan gwo aktivite piblik tankou Gwo Fwa Eta New York (Great New York State Fair) la ak Chanpyona Barclays la nan Pak Eta Bethpage la (Barclays Tournament at Bethpage State Park).

Depi lansman pwogram lan an 2013, inisyativ Taste NY la te jwi kwasans fiks ak mansyon espesyal. Pwogram lan te rapòte lavant 1,5 milyon dola an 2014 epi triple l rive 4,5 milyon dola an 2015. Jodi a, pwodwi New York yo vann anban imaj mak Taste NY la epi yo disponib nan plis pase 60 lokalite atravè Eta a, ansanm ak Biwo Komès ak Touris Eta New York la (New York State Office of Trade and Tourism) nan San Juan, Puerto Rico. Chak mwa, pwogram Taste NY la resevwa enfòmasyon nan men, an mwayèn, 30 biznis pwodwi alimantè ak bwason ki entèrese patisipe nan inisyativ ak aktivite Taste NY yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Taste NY, ale nan sitwèb [www.taste.ny.gov](http://www.taste.ny.gov). Konekte ak Taste NY sou [Facebook](#), [Twitter](#), [Instagram](#) ak [Pinterest](#).

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418